

Ajans ki la pou aplike lalwa yo, pa egzanp NYPD, ki chwazi sètifye, reprezante yon seri patnè enpòtan nan sipòte entegrite pwogram U-Visa a nan divès fason, ki enkli (men ki pa limite ak sa sèlman):

- Sètifye yon moun viktim yon krim ki kalifye, epi si moun sa te, itil oswa li sisebtib pou li itil ak deteksyon, investigasyon oswa krim fòs ki pou mete lòd yo fè;
- Enfòmè USCIS lè yon viktim refize oswa pa rive bay asistans lè yo mande sa defason rezonab.
- Enfòmè USCIS sou nenpòt aktivite kriminèl ak/oswa aktivite ki lye ak gang yo konnen; epi
- Avèti USCIS sou nenpòt fwòd yo sispèk.

Men kijan pou aplike pou yon UVISA:

Nou resevwa tout demann I-918 yo pa lapòs. Men adrès postal la:

New York Police Department Domestic Violence Unit Re: U-Visa Certification 1
Police Plaza Room 501
New York, NY 10038

Nou egzije dokiman sa yo:

- Yon lèt kouvèti ki presize; non, dezyèm prenon ak siyati viktim nan, Dat Nesans li, ansanm ak enfòmasyon kontak pou ni avoka ni moun ki fè demann lan. Lèt la dwe bay enfòmasyon sou krim nan, ansanm ak tout dokiman

ki pètinan yo; dat ensidan an, klasifikasyon krim nan, nimewo rapò plent lan, nimewo rapò ensidan domestik, nenpòt blesi moun nan sibi, elatriye.

- Yon kopi pyès idantifikasyon moun ki fè demann lan.
- Yon kopi I-918 ki pa fin ranpli nèt, ki gen ladan l enfòmasyon ki lye ak zansèt moun ki fè demann lan.
- Nenpòt lòt dokiman sipò pa egzanp yon rapò plent, rapò ensidan domestik, dosye lopital, rapò èd, elatriye.

Resous

Pou rekipere yon kopi fòmilè I-918 la, ale sou:

www.USCIS.gov/I-918

Pou jwenn enfòmasyon sou kijan pou ranpli fòmilè I-918 la, ale sou:

www.1.nyc.gov (tape I-918 nan zòn rechèch la)

Pou jwenn dokiman NYPD (sa vle di: Rapò plent), ale sou:

www.1.nyc.gov (tape NYPD FOIL nan zòn rechèch la)

Enfòmasyon Kontak DVIU

1 Police Plaza Rm
501 New York, NY
10038

Nimewo telefòn nou se

(646) 610-7615

Imèl nou se

uvisacertification@nypd.org



VYOLANS DOMESTIK

SÈTIFIKASYON UVISA

Èske w gen plan pou pwoteje tèt ou ak fanmi w kont Vyolans Domestik?

Rekonèt siy yo. Chache jwenn èd jodi a.

Rekonèt siy yo. Pa chita tann. Chache jwenn èd.

Kisa yon UVISA (I-918) ye?

Si w se yon non-imigran epi ou viktim yon aktivite kriminèl ki kalifye, itilize I-918 pou fè demann pou avantaj imigrasyon tanporè yo pou tèt ou ak pou manm nan fanmi w ki kalifye yo, jan sa apwopriye a.


Ki moun ki kalifye pou UVISA I-918 la?

Sila ki viktim aktivite kriminèl yo ki deziyen nan atik 101(a)(15)(U)(iii) ki nan Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite (Immigration and Nationality Act, INA) a. Yo defini yon aktivite konsa tankou lè yon moun viktim youn oswa plizyè nan aktivite ki vini apre yo oswa nan nenpòt aktivite ki vyole lwa penal Federal, eta oswa lwa penal lokal la:

- Anlèvman
- Kontak Seksyèl Abizif
- Tantativ pou Komèt Nenpòt nan Krim ki Mansyone yo
- Fèmen Ann Otaj
- Chantaj
- Konplo pou Komèt Nenpòt nan Krim ki Mansyone yo
- Vyolans Domestik
- Ekstòsyon
- Anprizònman Inosan
- Agresyon Kriminèl
- Mitilasyon nan Pati Jenital Fanm
- Fwòd nan Kontra Travay Aletranje
- Ensès
- Sèvis Envolontè
- Kidnaping
- Krim san planifikasyon
- Asasinay
- Blokaj Jistis
- Peyonaj

- Fo temwanyaj
- Pwostitisyon
- Vyòl
- Agresyon Seksyèl
- Eksplwatasyon Seksyèl
- Komès Esklav
- Solisitasyon pou Komèt Nenpòt nan Krim ki Mansyone yo
- Asèlman Kriminèl
- Tòti (malmennen)
- Trafik
- Kontrent Kriminèl Ilegal
- Manipilasyon Temwen

Viktim



Ajans ki sètifye a, USCIS, ansanm ak viktim nan, yo chak gen yon seri wòl ak responsablite diferan konsènan U visa a.

Ki moun ki kalifye pou UVISA I-918 la?

- Founi ajans ki kalifye a enfòmasyon pou ede nan envestigasyon oswa pouwit krim ki kalifye a (yo).
- Gen yon responsablite pèmanan pou l kontinye founi asistans nan envestigasyon ak pouwit yon (oswa plizyè) krim ki kalifye, apre l te fin oparavan kopere avèk ajans ki la pou aplike lalwa yo, lè yo mande sa defason rezonab ak lè gen yon bezwen pèmanan.
- Soumèt Fòmilè I-918B ki fin ranpli a (obligatwa) ansanm ak Fòmilè I-918 li a bay USCIS.

USCIS

- Resevwa epi estatye sou demann U visa yo.
- Detèmine kondisyon pou moun elijib pou U visa yo sou baz yon dosye konplè, verifikasyon antesedan kriminèl ak verifikasyon estati imigrasyon.
- Mande enfòmasyon siplemantè nan men viktim nan si sa nesèsè pou detèmine kondisyon elijiblite yo.
- Kowòdone avèk ajans ki la pou aplike lalwa yo pou verifye nan ki nivo Fòmilè I-918B yo soumèt yo egzat, ansanm ak nenpòt lòt prèv ki soumèt avèk yon demann U visa.
- Founi viktim ki elijib yo estati non-imigran.

Ajans ki Sètifye a

- Detekte, envestige ak/oswa pouwiv akizasyon krim ki kalifye yo
- Detèmine, nan diskresyon ajans ki sètifye a, si li nesèsè pou ranpli ak siyen Fòmilè I-918B a, konfòmman ak pwosedi ajans lan ak otorite siyati ki deziyen an pou viktim nan konfòm ak demann pou asistans ki rezonab yo.
- Kominike avèk USCIS si viktim nan refize ede nan envestigasyon oswa pouwit la nan yon fason ki pa rezonab epi ajans lan dwe retire oswa dezavouwe yon Fòmilè I-918B ki te gentan siyen.